# ӘЙЙЕМГИ ХОРЕЗМ АЙМАҒЫНДА СҮЎРЕТЛЕЎ ӨНЕРИНИҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ ҲАҚҚЫНДА

**Дошниязов Рахат Қарлыбаевич**
*Бердақ атындағы ҚМУ Археология кафедрасы стажёр оқытыўшысы*

Өзбекстан Республикасында суўретлеў үскенелери көркем өнери жүда қысқа ўақытта раўажланып үлкен жетискенликлерге еристи. Бундай жетискенликке ерисиўдиң де тарийхый дәстүрийлиги бар. Себеби сүўретлеў өнери әййемги дәўирлерде мийнет процесиниң раўажланыўы нәтийжесинде пайда болды.

Дәслепки сүўретлеў өнериниң раўажланған баскышы да неолит дәўирине туўры келеди. Келтеминар, Ҳисор әсиресе Жайтун мәдениятына тийисли естеликлерден алғашқы санааттың әжайып үлгилери табылған. Оларда ыдысларға ҳәр қыйлы реңдеги бояў менен түрли түрли нағыслар, адам ҳәм ҳайўан сүўретлерин сызыў кең тарқалған еди. Ыдыслар сыртында суў белгисин көрсетиўши толқын түриндеги сызықлар көзге тасланады [Итина:19-23].

Орта Азияда ҳәр қыйлы реңдеги бояў-охра менен исленген көринислер бирқанша кем болып, урып ойып, ысқылаў, сызыў усылы менен исленген сүўретлер, яғный петроглифлер жудә кең тарқалған деген пикирди айтып өтеди [Кабиров, Сагдуллаев: 98].

Үлкедеги әййемги сүўретлеў көринислери ҳаққындағы дәслепки мағлыўматлар белгили илимпазы Абу Райҳон Беруний кимаклар мәмлекетиндеги сырлы сүўретлер үстинде пикир билдирип, бул көринислер жергиликли халықтың диний исеними менен байланыслы болыўы мүмкин деген пикирди айтып өткен [Беруний: 308-311].

Ақшахан қаладағы археологиялық қазыўлар ўақтында б.э.ш. IV- бизиң эрамыздың III-әсирлерине тийисли дийўал сыбаўлары бөлекелери көринисиндеги көплеген реңли сүўрет үлгилери табылған. Ашылған орынның 10 метрли бөлиминде бир нешше қатарды ийелеген сүўретлер табылған [Ягодин: 48-51].

Төменги қатарда ҳайўанлар ҳәм оларды минген әскерлердиң салтанатлы атланыслары сүўрет көринислери табылды. Жоқары қатарда адамлардың көгирегине дейинги көриниси түсирилген болып ол жақсы сақланған. Олардың көпшилигиниң бас кийиминде қустың сүўрети түсирилген. Биринши дийўал

сүўретинде ер адамның шеп қаптал бас тәрепиниң сүўрети, онда аўзы, ерни, қулағы қызыл реңге боялған, қыр мурынлы үлкенлеў, көзлери дөңгелек қара шашлары қара желкесине дейин жабылған шашларының ушы тегис сүўретленген. Екинши сүўретте ер адамның оқ қаптал бас тәрепиниң сүўрети, онда аўзы, ерни, қулағы қызыл реңге боялған, қыр мурынлы кишилеў, көзлери дөңгелек қара шашлары қара желкесине дейин жабылған шашларының ушы бир тегис үстине қызыл реңли шапан кийген, шапанда жоқарыдан төменге қарай кызыл сызық пенен сызық түсирилген. Бул тымсаллардың барлығы сүўретте шах ямаса әскерий қаҳарманларша сүўретленгенинен дерек береди [Хожаниязов: 36-39]. Қаланың қорған дийўаллары ишинен табылған колонна базалар, ҳәрқыйлы бояўлар менен салынған көринислерге ийе дийўал сыбаўларында 36-сүўрет бөleклери, қымбат баҳалы материал менен қапланған Анахита, Сияўыш қудайларының, ат, түйе сықлы ҳайўанлардың 45 ҳәйкеллери табылған ҳәзирги ўақытта олар ӨзРИҚБГИИИИ музейинде илимий жақтан үйренилип атыр.

Қойқырылған қала естелигиндеги 1954-жылғы археологиялық қазыўларда орайлық имаратқа тийисли тәрептеги екинши жай орнынан табылған дийўал сүўретлери ақ хәкленген дийўал бетлерине салынған дийўал сүўретлери полдан жокары болған катлмамдағы арқа батыс мүйешиндеги 1м. кв. шамасына тең болған майданшадан табылған. Табылған бөлекшелердиң көпшилиги өзинде тек ған ақ түсте боялған, кызыл, ақшыл-кызыл, қызғыш сары ҳәм қара реңли бояўлары сақланып қалған [Кой-Крылган кала:173-175].

Екинши суўрет бөлеклери ¼ өлшеминде соғылған суўрети сақланып қалған. Бсы шеп тәрепке бағытқа қарап көрсетилген. Оның бети менен тең дәрежеде шеп қолына бир зат қысып алдына қаратып созып турған қолын көриўмизге болады. Буны оқ жайдан оқ атып турған адам деп түсиниўимиз мүмкин. Биринши бөлек сүўретке уқсағанындай булл бөлекте алебастр менен қапланып қара бояў менен контурланған, оның сақалы жоқ, шамасы бул жерде жас жигиттиң сүўрети берилген болыўы мүмкин, себеби бети сарғыш реңге, ерни қызыл реңге боялған. Узын қара шашлары шамасы хеш нәрсе менен жабылмағаны көринип турыпты. Кийимлери ҳаққында айтпақшы болсақ оның кийимлери қызыл гезлемеден тигилген кийим кийип турғанлығы көринип турыпты.

Буннан тысқары бул сүўретлердиң бөлекленип кеткенлиги себепли, бизлер оны табылған бөлеклерге анық тийисли екенине кепиллик бере алмаймыз, және соны да айтыўмыз мүмкин бул сүўрет бөлеклери түслик бөлмелердеги жай орнында билинер билинбес дийўалларда кара бояў изери бар. Бунық барлығы

сүўретлердиң қайсы ўақытқа тийисли екенин анық айтыўға кыйыншылық жаратады. Бирақ бул сүўретлердиң ислениў техникасы ақ алебастр менен тегисленген дийўал бетине қара бояўлар менен сызылған, олардың көпшилиги қызыл рең ҳәм тилле суўы менен безетилген. Дәлиздиң дийўалына ҳәр түрли мазмунга ийе болган суўретлер салынған. Бөлмениң түслик дийўалына қызыл көйлек кийген адамның сүўрети салынғанлығын атап өтиўге болады. Оның еки тәрепинде еки адамның суўрети болып, олардың бири қудайға сыйынп атырған ҳалда суўретленген. Усы хана да басқа адамлардың суўрети салынған бөлеклер де табылған. Сүўретлер де сүўретленип атырған адамларға өмирлик инам етилген. Қойкырылған қаладан табылған диўал сүўретлери Топырақкаладан табылған дийўал сүўретлерине жакын уқсас екенлигин айтыўмыз мүмкин [Городище Топрак кала:126-129]. Бирақ сақланып қалған сүўрет бөлекшелеринде Топрақкала стилине тән болған дәслепки қызыл бояўлар көринбейди.

Топырак қаланын арқа-шыгыс тарепинде 3 этажлы Хорезм шахларынын деп алып диний байрамларын өткерилген бийиклиги 20 25 м болған 3 минарали сарайы салынған. Топырак қаладагы сарайдын өжирелер салтанатлы етип безелген. Сарай дийўалы ҳәм текшелери турли ренде әшөкейленип исленген ҳәм сюжетли нағыслар менен безелген [Городище Топрак кала: 14-16].

Усы салтанатлы патша сарайын қазыў нәтийжесинде әййемги Хорезм естеликлерин дүнья жүзине танылды. Сарай бөлмелериниң көпшилиги салтанатлы етип безелген, үлкен заллары ылайдан жасалған ҳәйкеллер ҳәм сыбаўдың үстине сырлап салынған әжайып гөззал сүўретлер менен безелген. Топырақкала енстелигинде Хорезмниң 23 патшасының (олардың ҳәммеси жақсы сақланған). Олар бир-бирлеринен келте дийўаллар менен бөлинип салынған супалардың үстине қойылған. Ҳәр бир супада «патша» ның өзинен басқа еки ҳаял ҳәм бир ер адамның рельефли сүўретлери бар. Залдың дийўаллары ҳәм текшелери түрли реңдеги сюжетли нағыслар, сүўретлер менен безелген.

«Патшалар залы», «Жеңислер залы» деп аталған бөлмелерде патшалар ҳәм қудайлардың сүўретлери салынған. Бул сүўретлер теңгелердеги қудайлардың патшаларға ҳәкимият белгилерин бериў ўақтын еске түсиреди. (Жеңис тәжин кийгизиў мәресими.)

«Қара тәнли әскерлер залы» Бул өжиреде нишалардың ишинде турған патшалардың рельефли сүўретлери салынған. Қара тәнли әскерлер ҳәйкеллери патшалардың даңқын көтерип карнай шалып тур.

«Суўынлар залында» суўынлардың ҳәйкеллери табылған. Суўынның үстиндеги рельефли белбеўде грифонлардың сүўрети салынған. Басқа сүўретлердиң арасында әнар жемислери, жүзим солқымлары ҳәм тағы басқа рельефли сүўретлер бар.

«Нықаплар залы» нда ойынға түсип турған ҳаяллар ҳәм ер адамлардың сүўретлери бар. Олардың айырымларының баслары, айырымларының аяқлары сақланып қалған. Олардың биреўиниң сақалы барлығы ҳәм ешкиниң қулағына уқсас қулағының барлығы анықланған. Екинши биреўиниң қара денели ҳәм қорқынышлы көзи барлығы белгили болған. Сүўретлерге қарап бул залдың мифологиялық мәниси барлығы, сюжетлер хорезмлилердиң усы дәўирдеги диний дәстүрлери менен байланыслы болыўы керек деген пикир билдирилген [Рапопорт: 67-69].

Бул табылған сүўрет қалдықлары илимий жақтан еледе толық изертленсе әййемги Хорезм халқының сүўретлеў өнериниң ҳәр қыйлы бағдарларының ашылыўына ҳәм келешекте бул дәўирдеги естеликлерди жаңа технологиялар менен үйрениўге шет елли аламларды қызықтырыўға кең мүмкиншиликлер пайда болады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абу Райҳон Беруний. Танланган асарлар. -Ташкент, 1973, 1-том. 308-бет
2. Городище Топрак кала. Труды ХАЭЭ., том XII, М., 1981, 126- бет
3. Итина М.А. Первобытная керамика Хорезма. Керамика Хорезма. // ТХАЭЭ. Том. IV. - М.,1959 г.
4. Кабиров Ж., Сагдуллаев А. Урто Осиё археологияси. Т.,1990.
5. Кой-Крылган кала. Памятник культуры древнего Хорезма IV в до н.э-IV в.н.э. Труды ХАЭЭ., том V, М., 1967, 175- бет
6. Рапопорт Ю.А. Из истори релегий древнего Хорезма. М., 1971. 68-71 бетлер
7. Хожаниязов Ғ., Кадимги Хоразм мудофаа иншоотлари (мил. авв. VI асрдан мил. IV асрларгача). Тошкент. 2007. 36-бет.
8. Турганов Б.К., Ерманов А., Абдукаримов Х. Общие тенденции развития ремесленного производства в раннесредневековые Хорезма// Международный научный журнал «Символ науки». ISSN 2410-700 Х № 3 / 2021. -С.47-53.
9. Ягодин В.Н. Художественные ценности земли Хорезма // SANAT, 01.10.2009, Выпуск №4.